



(Haitian Creole)

Diran mwa ki sot pase-yo, estaf Distrik-la ak estaf lekòl-yo te òganize yon seri konvèsasyon konsènan chanjman ki pwopoze nan plizyè lekòl. Chanjman-sa-yo ap antre an vigè diran ane eskolè 2014/15. Tanpri gade anba-a pou ou jwenn yon apèsi sou nouvo opòtinite edikasyonèl ke n'ap mete sou pye pou ane eskolè 2014/15.

Non lekòl-la:	Nouvo Opòtinite Edikasyonèl pou lane 2014/15:
Lekòl primè - Elementary Schools	
Broward Estates Elementary School	Pwogram edikasyonèl STEAM konsantre sou (Syans, Teknoloji, Jeni ak Matematik avèk entegrasyon klas espesyal teknolojik ak atistik); klas laboratwa avèk inovasyon nan aprantisay; amelyorasyon pwogram enstriksyon nou ofri nan Entènèt.
Coral Springs Elementary School	Klas <i>PreK – 6th grade</i> pou ane eskolè 2014/15; plan restriktirasyon (reòganizasyon) pou klas <i>Pre-K – 8th grade</i> ap pouswiv. Mete aksan sou enpòtans pwogram syans; mete aksan sou yon milye aprantisay dijital epi endividyèl, konsevwa pou prepare elèv-yo pou kolèj ak/oswa karyè.
Martin Luther King, Jr. Elementary School	Enplimante pwogram Montessori; konsantre sou timoun-nan kòm yon “whole child”, sètadi konsidere devlopman timoun-nan (fòmasyon karaktè ak devlopman yon imaj pozitif de li-menm, montre timoun-nan valè-li); klas avèk plizyè nivo, timoun avèk diferan laj; mete aksan sou angajman ak patisipasyon fanmi epi kominote-a.
North Lauderdale Elementary School	Klas <i>PreK – 6th grade</i> pou ane eskolè 2014/15; plan restriktirasyon pou klas <i>Pre-K – 8th</i> ap pouswiv. Mete aksan sou pwogram syans; mete aksan sou yon milye aprantisay dijital epi pèsonnalize, konsevwa pou prepare elèv-yo pou kolèj ak/oswa karyè.
Annabelle C. Perry Elementary School	Klas <i>PreK – 6th grade</i> pou ane eskolè 2014/15; plan restriktirasyon pou klas <i>Pre-K – 8th grade</i> ap pouswiv. Mete aksan sou teknoloji ak syans, ofri Pwogram bakaloreya entènasyonnal pou klas primè ak midèlsekoul; yon anvwonman aprantisay endividyèl e konplèt, konsevwa pou prepare elèv-yo pou kolèj ak/oswa karyè.
Pompano Beach Elementary School	Ranfòse koneksyon elèv-yo avèk kominote lokal, nasyonnal epi global avèk konsantrasyon sou yon kourikoulòm (pwogram etid) istwa; fòmasyon karaktè ak angajman sitwayen; pwogram <i>mentoring</i> (konseye elèv) elaji ak patnèchip nan kominote-a.
Rock Island Elementary School	Aprantisay baze sou pwojè epi estanda ki mete aksan sou akonplisman avèk aprantisay aktif epi avèk literasi epi tou angaje elèv-yo nan espèyans aprantisay reyèl epi siyifikatif; ede elèv-yo panse alavni-yo, konsidere opsyon kolèj ak karyè; patnèchip (patenarya) avèk inivèsite epi sant teknik e vokasyonèl; <i>Parent University</i> , se kominote fanmi, patnè nan edikasyon pitit-yo, k'ap kolabore pou ranfòse lyen ant lekòl/lakay/kominote.
Royal Palm Elementary School	Pwogram edikasyonèl STEM (Syans, Teknoloji, Jeni ak Matematik); klas laboratwa avèk inovasyon nan aprantisay; amelyorasyon pwogram enstriksyon nan Entènèt nou ofri.
Westwood Heights Elementary School	<i>Community of Learning</i> – Kominote aprantisay (klas <i>PreK</i> – ak lòt klas apre); opsyon aprantisay nan pwogram preskolè <i>Early Childhood Education</i> elaji; <i>Parent University</i> (kominote paran) va ranfòse lyen ant lekòl/lakay/kominote; “one stop shop” yon sant ki ofri fanmi sèvis, prepare pou founi tout kominote WHE divès sèvis, nouvo patnèchip (patenarya) avèk inivèsite <i>Nova Southeastern University</i> (yon meyè fòmasyon pwofesyonèl pou pwofesè-yo sou literasi); nouvo pwogram <i>Urban Academy Professional Development</i> (etidyan nan kolèj/inivèsite va founi sipò adisyonnèl sitou yo kapab ede anseye elèv-yo).

Lekòl midèskoul *Middle Schools	
Coral Springs Middle School	Nouvo Akademi syans (iScience Academy) pou elèv k'ap fè klas <i>6th grade</i> ; mete aksan sou aprantisay endividyèl epi dijital.
Henry D. Perry Middle School	Nouvo patenarya avèk Sheridan Technical Center (Sant Teknik Sheridan); Pwogram Bakaloreya entènasyonon amelyore - <i>International Baccalaureate (IB) program</i> ; mete aksan sou aprantisay endividyèl epi dijital.
Silver Lakes Middle School	Pwogram edikasyonnel STEM konsantre sou (Syans, teknoloji, jeni ak matematik); opòtinite aprantisay nan domenn enfòmasyon, ak jeni avèk oryantasyon sou kolèj ak karyè; mete aksan sou aprantisay endividyèl epi dijital.
Lekòl segondè ayeskoul - High School	
Coconut Creek High School	<i>Creek Technical Academy</i> , an patenarya avèk <i>Atlantic Technical Center</i> , ofri yon kourikoulòm akademik solid konsantre sou matyèdebaz, fòmasyon pou klas elektif epi aksè nan tout pwogram etid teknik e vokasyonnel; <i>Creek Collegiate Academy</i> , an patenarya avèk inivèsite <i>University of Florida</i> , ofri elèv-yo opòtinite pou anwolman doub aplentan, kote elèv-yo kapab etidye epi gen yon chwa jiska 75 kredi pou kolèj diran kat (4) ane ayeskoul-yo. Kredi akimile kapab sèvi pi ta nan kolèj.
Sant chanjman nan konpòtman - Behavior Change Centers	
Cypress Run Education Center Lanier-James Education Center Pine Ridge Education Center	N'ap restriktire kounye-a Sant Chanjman nan Konpòtman (<i>Behavior Change Centers</i>) Distrik-la pou founi elèv-yo milye adapte pou laj-yo ak klas yap fè. <i>Pine Ridge Education Center</i> va asepte elèv k'ap fè klas Kindègadenn rive sizyèm ane (K-6); sant-la akeyi elèv ki soti nan tout konte-a (kounti). Pwogram PROMISE aplikab nan tout konte-a. Pine Ridge va kontinye ofri pwogram PROMISE-la tou. Elèv k'ap fè klas setyèm rive douzyèm ane (7-12) ane prale nan Sant <i>Lanier-James Education Center</i> sitiye nan sid, dapre zòn kote yo rete; elèv-yo prale nan Sant <i>Cypress Run Education Center</i> sitiye nan nò dapre zòn kote yo rete.

Enfòmasyon sou Inisyativ Opòtinite Lekòl Siksè Elèv - Student Success Opportunities Schools (SSOS) Initiative

SSOS inisyativ te lanse diran ane eskolè 2012/13 epi kontinye an 2013/14. SSOS inisyativ revwa epi restriktire opòtinite edikasyonnel nan yon pwosesis entegrasyon kominotè, sètadi elèv, fanmi ak kominote-a. Lane dènyè, senk lekòl te fè pati SSOS inisyativ. Anne-sa-a, 14 lekòl fè pati inisyativ SSOS. Inisyativ SSOS enkli:

- Lekòl Leta idantifye (yo rele tou lekòl priyorite - *priority schools*) dapre rezilta tès FCAT yo te resevwa nan ane eskolè anvan-an.
- Lekòl Distrik-la idantifye (yo rele tou restriktirasyon lokal) baze sou divès faktè, ki kapab enkli anwolman, milye lekòl-la, anviwonman, kondisyon lokal, elatriye.

*Kèk lekòl kapab afekte akòz chanjman nan kantite ane etid lekòl primè zòn-yo ofri.